



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 25 jen 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM KANTIN PANDAN ETE A POU EDE NOURI 350.000 TIMOUN

Pwogram Ete a ki Gen Finansman Federal Ofri Manje Gratis bay Timoun ki gen Revni Fèb nan Tout Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante jodi a sit kote ap gen kantin pandan ete a ki pral ofri timoun ki nan fanmi fèb revni manje vitamine ki bon pou lasante nan kominote atravè New York lè lekòl fèmen. Ajans Eta ak patenè prive ak sa ki pap fè pwofi ap pran mezi pou enfòmasyon fanmi sou sit kantin yo pandan ete a, sa ki jwe yon wòl vital nan ede kwape grangou pandan mwa ete yo.

“Ak lekòl k ap fèmen pandan ete a nan tout eta a, plizyè milye timoun fèb revni pap jwenn manje gratis ouben bon mache yo konn jwenn pandan ane lekòl la” te deklare Gouvènè Cuomo. “Okenn timoun pa dwe janm grangou, epitou se yon reyalyte pou timoun fèb revni yo, vakans ete a souvanfwa kapab kreye soufrans initil. Pwogram Sèvis Kantin Ete a kapab ede evite pwoblèm sa. Grasa patenarya ak òganizasyon prive ak sa ki pap fè pwofi, pwogram sa pral travay pou garanti lè timoun tounen lekòl nan otòn lan yo nourri, ansante epi pare pou yo aprann.”

Pwogram Sèvis Kantin Ete a ki gen finansman federal, eki plase anba jesyon Depatman Edikasyon Eta New York la, ofri manje ak snak vitamine gratis pou timoun 18 lane ak pi piti ki soti nan fanmi ti revni, ak tou pou granmoun andikape ki gen plis pase 18 lane ki enskri nan pwogram lekòl pandan vakans ete. Lekòl, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pap fè pwofi resevwa finansman pou bay jiska de repa pandan ete a pou timoun ki kalifye.

Plis pase 350.000 timoun pral resevwa chak jou manje atravè pwogram lan pandan ete sa.

Depatman Edikasyon an kreye yon sitwèb, www.nysummermeals.com, ki gen ladan l yon kat entèaktif ak enfòmasyon sou tout sit kantin ete a nan Eta New York. Kat la ak lis adrès yo pral aktyalize toutan jiska lansman pwogram lan fen jen.

Komisyonè Depatman Edikasyon an, John B. King Jr., te di konsa, “Nitrisyon korèk esansyèl pou aprann. Se pou sa nou bay peti dejene ak lench pou timoun ki nan bezwen pandan ane lekòl la, Men bezwen pou manje vitamine yo toujou la nan mwa jen lè lekòl fèmen. Kidonk nou kontan ede kowòdone Pwogram

Haitian Creole

Sèvis Kantin Ete a pou garanti timoun ap jwenn manje ki bon pou la sante nan plizyè sit nan tout Eta a. Ete pase, 380.000 plat manje gratis te sèvi bay timoun Eta New York chak jou nan divès kote soti nan lekòl rive nan kan dete rive nan pwogram pou imigre.”

State Office of Temporary and Disability Assistance ap kontinye travay li pou jwenn benefisyè Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) ak Temporary Assistance pou fè yo konnen genyen kantin gratis pandan ete a.

“Timoun ki soti nan fanmi fèb revni souvanfwa riske pa jwenn ase manje ki bon pou lasante pandan ete a, lè lekòl fèmen, epi pa jwenn kantin skolè gratis ak bon mache,” te deklare Komisyonè OTDA Kristin M. Proud. “Sit kantin Ete yo nan kominote atravè Eta a ofri manje vitamine gratis, anpil fwa ansanm ak aktivite pou devlope lespri ak kò timoun yo, pou asire yo rete ansante, aktif epi kontinye devlope sou plan sosyal ak fizik pandan vakans ete yo.”

Depatman Sante Eta a ajoute enfòmasyon sou Pwogram Sèvis Kantin Ete a nan NewYork State Growing Up Healthy Hotline, ou kapab jwenn nan nimewo 1-800-522-5006.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418